

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Seni sastra ditilik tina basa umumna kaasup kana élmu linguistik (Satoto, 2012, kc. 5). Dina élmu linguistik salasahiji bagianana aya nu medar perkara makna nyaéta semantik, tuluy dina bag-bagan semantik aya nu disebut makna stilistik. Semantik nyaéta bagéan élmu basa anu ngulik ngeunaan harti atawa makna dina hiji basa ogé nyungsi asal-muasal, parobahan katut kamekaran basa (Sudaryat, 2010, kc. 11). Sedengkeun salasahiji élmu linguistik anu medar perkara karya sastra nyaéta stilistika nu ngawengku gaya basa, diksi, kaéndahan basa, gejala basa, jeung sarana rétorika séjénna (Satoto, 2012, kc. 5). Stilistika hubunganana jeung gaya basa nu dipaké dina karya sastra raket patalina jeung basa kias nu dipaké ku pangarang dina karya sastra. Makna dina basa kias atawa gaya basa teu bisa dihartikeun sacéréwélna nurutkeun tata basa, lantaran bisa nimbulkeun harti nu salah (Sudaryat, 2010, kc. 91).

Sudaryat (2010, kc. 53) ngabagi tipe makna jadi dua wanda nyaéta harti léksikal jeung harti struktural. Tuluy ngabagi deui harti léksikal kana harti langsung jeung harti injeuman, sarta ngabagi harti struktural jadi harti gramatikal jeung tématikal. Dina makna léksikal kabagi aya makna konséptual (langsung) jeung makna asosiatif (injeuman). Harti injeuman dibagi deui jadi genep wanda nyaéta (a) harti konotatif, (b) harti aféktif, (c) harti réfléktif, (d) harti kolokatif, (e) harti stilistik, jeung (f) harti idiomatik.

Stilistika mangrupa élmu nu maluruh ngeunaan gaya basa nu aya dina karya sastra. Dina karya sastra pangarang ngébréhkeun gagasan, rasa, jeung pamikiran ngaliwatan stilistika. Éndahna eusi karya sastra minangka seni sastra bisa ditilik tina diksi atawa gaya basana (Satoto, 2012, kc. 5). Gaya basa (*style*) dina karya sastra mangrupa hiji hal nu penting pikeun meunangkeun nilai éstétik dina nyiptakeun makna nu leleb (Sudaryat, 2010, kc. 62). Saperti nu di tétélakeun ku Ratna (2013) yén aspék-aspék kaéndahan dina hiji karya sastra aya dina gaya basana.

Pakeman basa atawa idiom asal kecapna tina basa Yunani nyaéta *idios* nu miboga harti has, husus, sorangan, mandiri, atawa pribadi (Sudaryat, 2016, kc. 10).

Dumasar harti kecapna bisa dicindekkeun yén pakeman basa téh mangrupa wangun basa nu miboga harti nu husus tur mandiri.

Dina novél nu judulna “Ngawadalkeun Nyawa” karya Moh. Ambri kapaluruh ayana gaya basa, babasan, jeung paribasa. Babasan jeung paribasa nu aya dina novél ngagambarkeun ogé kaayaan jalma dina éta carita.

“ Jadi jelema *leutik burih*”

“ bentic curuk balas nunjuk”

Dina conto kutipan kalimah diluhur, *leutik burih* miboba harti injeuman nu harti sabenerna nya éta kurang kawani. Kitu ogé kalimah *bentic curuk balas nunjuk* nu miboga harti nyaéta jalma nu ngan saukur bisa tutunjuk bari teu digawéan. Babasan jeung paribasa dina éta novel mangrupa gambaran tina kaayaan nu aya dina jaman harita. Dina ieu novél kapaluruh ayana gaya basa, babasan, jeung paribasa nu ditulis ku pangarang dina ngahirupkeun carita dina ieu novél.

Kiwari, kaayaan jaman anu sacara teu langsung ngarobah kamampuh masarakat dina kamahéran basa sunda. Koentjaraningrat (dina Rambita & Mandolang, 2014, kc. 71) nétélakeun yén basa téh mangrupa salasahiji aspék tina kabudayaan. Loba jalma nu ahéng dina ngagunakeun pakeman basa Sunda. Babasan jeung paribasa Sunda nu ilaharna sok dipaké dina kahirupan sapopoé, kiwari éta kabeungharan kecap téh geus teu dipaliré. Arus *globalisasi* nu beuki maju ngalantarankeun masarakat Sunda teu apal kana budayana sorangan. Padahal dina babasan jeung paribasa Sunda ngandung ajén-injén anu luhung.

Ku kituna, pakeman basa nu miboga ajén anu luhung téh kurang éksisténsina lantaran nu jadi tuturus teu paham jeung teu wanoh kana kabeungharan kecap nu dipiboga ku urang Sunda. Saluyu jeung nu ditétélakeun ku Nugraha (2013, kc. 54) yén paribasa Sunda téh ngandung ajén-inajén nu tetep kudu diajarkeun ka sirung-sirung bangsa, salasahijina nyaéta dina pendidikan formal (sakola). Sakola mangrupa tempat diajar nu *eféktif* jeung *terstruktur* utamana dina nepikeun pangalaman hirup urang Sunda ngeunaan paribasa Sunda ka sirung-sirung bangsa. Nurutkeun Kemendiknas (dina Nugraha, 2013, kc. 54) nétélakeun ngeunaan peran budaya nu sakitu pentingna dina kahirupan masarakat nu sakuduna budaya jadi sumber nu nyekel ajén-inajén dina pendidikan budaya jeung karakter bangsa. Éta ngajéntrékeun yén ajén-inajén budaya, kaasup paribasa, kudu dijadikeun dasar

pangajaran pikeun nepikeun pamahaman ngeunaan budaya jeung karakter bangsa. Ku kituna, ajén-inajén nu aya dina paribasa Sunda kudu nepi ka siswa.

Novél ngawadalkeun nyawa karya Moh. Ambri miboga gaya basa nu has (Sudaryat, 2010, kc. 91). Novél ngawadalkeun nyawa nu mangrupa novél populer karya Moh. Ambri medal taun 1933. Ieu novél mangrupa karya pangarang anu ngagambarkeun unsur réalis dina kaayaan kahirupan urang Sunda nu raket patalina jeung tradisi Isam.

Panalungtikan ngeunaan stilistika hususna pakeman basa téh lain perkara anyar. Aya sababaraha panalungtikan dina wangun skripsi anu nalungtik ngeunaan stilistika boh dina novél, kumpulan carpon, babasan jeung paribasa, jeung sajabana. Ari sababna, saméméhna kungsi ogé aya nu ngulik perkara stilistika, di antarana waé nu ditalungtik ku Anita Nurul Fauziah (2014) ngeunaan *Gaya Basa Métafora dina Babasan jeung Paribasa Sunda (Tilikan Stilistika jeung Semantik)* anu medar wanda gaya basa métafora, jeung nu ditalungtik ku Anisya Harti Nurdewi (2014) *Ulukan Stilistik kana Pakeman Basa dina Novél Laleur Bodas Karangan Samsu Pikeun Bahan Pangajaran di SMA* anu maluruh wanda pakeman basa jeung gaya basa.

Aya sasaruuan dina ieu panalungtikan jeung panalungtikan anu dilaksanakeun saacanna. Sasaruuan dina ieu panalungtikan jeung panalungtikan anu dilaksanakeun ku Nurdewi (2014) nyaéta sarua medar ngeunaan wanda jeung gaya basa dina pakeman basa. Ieu panalungtikan jeung panalungtikan nu dilaksanakeun ku Fauziah (2014) sarua palebah analisis gaya basa. Sanajan ampir sarua jeung panalungtikan saméméhna, nyaéta ngeunaan stilistika, tapi aya bédana. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun objék garapan anu béda, sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta Novél *Ngawadalkeun Nyawa* karya Moh. Ambri. Ari pangna dipilih novél karya Moh. Ambri lantaran ieu mangrupa novél panghadéna karya Moh. Ambri nu kasohor sabab roman tradisi Islam.

Élmu semantik salaku péso panalungtikan lantaran maluruh sagala hal nu patalina jeung unsur makna nu aya dina leunjeuran carita. Stilistika jeung makna stilistik dijadikeun bahan analisis dina ieu panalungtikan lantaran dina objék réa pisan gaya basa, babasan, jeung paribasa. Ieu panalungtikan penting pikeun mikanyaho gaya basa, babasan, jeung paribasa nu aya dina kahirupan sapopoé dina

novél ngawadalkeun nyawa karya Moh. Ambri. Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan gaya basa, babasan, jeung paribasa nu aya dina kahirupan sapopoé dina novél ngawadalkeun nyawa karya Moh. Ambri.

Dumasar kana pedaran kasang tukang di luhur, panalungtikan nu medar ngeunaan babasan jeung paribasa dina novél masih perlu dilaksanakeun anu dijudulan “Gaya Basa dina Pakeman Basa pikeun Bahan Pangajaran Idiom di Kelas IX SMP (Ulukan Stilistika kana Novél Ngawadalkeun Nyawa Karya Moh. Ambri)”.

1.2 Rumusan Masalah

Karya sastra nu diciptakeun ku pangarang miboga ajén-inajén luhung pikeun pangaweruh nu maca. Karya sastra ogé miboga pesen nu kudu ditepikeun ka pamaca. Ku kituna, karya sastra jadi alat pikeun ngawanohkeun ajén luhung nu utamana pakeman basa nu nyampak dina hiji karya sastra lantaran kurang dipiwanohna wangun jeung harti pakeman basa nu dianggap hésé.

Widang élmu nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta stilistika. Ku sabab ambahan stilistika sastra kawilang lega, ieu panalungtikan téh rék diwatesanan medar gaya basa dina pakeman basa stilistis nu aya dina novél nu judulna *Ngawadalkeun Nyawa* karya Moh. Ambri. Salian ti éta ogé matalikeun pakeman basa nu aya dina novél *Ngawadalkeun Nyawa* pikeun bahan pangajaran basa Sunda kelas IX SMP.

Sakumaha nu geus dipedar di luhur, sangkan ieu panalungtikan puguh jujutanana, masalah nu kaidéntifikasi dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

1. Kurang dipakéna pakeman basa Sunda sabab dianggap hésé.
2. Ayana ajén-inajén nu luhung dina pakeman basa nu kurang dipikanyaho.
3. Kurang dipiwanohna wangun jeung harti pakeman basa.

Dumasar kana idéntifikasi pasualan di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

1. Kumaha wanda pakeman basa stilistis dina novél *Ngawadalkeun Nyawa* karya Moh. Ambri?
2. Gaya basa naon waé anu aya dina pakeman basa stilistis dina novél *Ngawadalkeun Nyawa* karya Moh. Ambri?

3. Naha pakeman basa stilistis dina novél *Ngawadalkeun Nyawa* karya Moh. Ambri bisa dilarapkeun pikeun bahan pangajaran matéri idiom basa Sunda kelas IX SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan panalungtikan kabagi jadi dua nya éta, tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun gaya basa dina pakeman basa anu aya dina novél ngawadalkeun nyawa karya Moh Ambri.

1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan boga tujuan husus pikeun ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta.

1. Wanda pakeman basa stilistis dina novél *Ngawadalkeun Nyawa* karya Moh. Ambri;
2. Gaya basa nu aya dina pakeman basa stilistis dina novél *Ngawadalkeun Nyawa* karya Moh. Ambri; jeung
3. Larapna pakeman basa stilistis dina novél *Ngawadalkeun Nyawa* karya Moh. Ambri pikeun bahan pangajaran matéri idiom basa Sunda kelas IX SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré mangpaat boh sacara tioritis boh praktis, saperti ieu di handap.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna, di antarana waé pikeun ngeuyeuban élmu pangaweruh dina widang stilistika utamana ngeunaan pakeman basa.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa dipaké, di antarana waé:

- 1) pikeun pangaweruh sarta pangalaman anu kacida gedéna hususna dina ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan stilistika jeung pakeman basa panalungtik, hasil ieu panalungtikan bisa ngeuyeuban;
- 2) pikeun panalungtik séjén, hasil ieu panalungtikan bisa méré kasempetan keur panalungtikan saterusna anu patali jeung stiistika;
- 3) pikeun anu maca, hasil ieu panalungtikan bisa méré déskripsi pakeman basa stilistis dina novél ngawadalkeun nyawa karya Moh. Ambri minangka kabeungharan pangaweruh basa Sunda, ogé bisa dijadikeun bahan pangajaran basa Sunda pikeun kelas IX SMP.

1.5 Raraga Tulisan

Bab I Bubuka, eusina medar ngrunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina medar ngeunaan tiori-tiori nu aya dina panalungtikan, eusina medar leuwih jero ngeunaan pakeman basa, stilistika, gaya basa dina novél, bahan ajar, panalungtikan samemehana, jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina medar ngeunaan métodelogi panalungtikan nu dipaké dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panlungtikan, data jeung sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik nganalisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, dina ieu bab dipedar sagemblengna hasil tina analisis panalungtikan nu dilaksanakeun. Eusina ngolah jeung nganalisis data nu aya patalina jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, sarta tiori nu aya di bab II.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Saran, mangrupa bagian pamungkas tina skripsi. Eusi tina kacindekan nyaéta ringkesan tina sakabéh hasil panalungtikan. Salian ti éta aya saran nu ditepikeun panulis keur nu maca sangkan leuwih hadé dina panalungtikan kahareupna.